

**LEKÒL NAN  
ETAZINI**

**Sa Paran yo Bezwen Konnen**



**Ede mwen!**

**Nouvo  
Lekòl!**



Kounye a  
pitit mwen yo  
pral gen yon  
lavi miyò.

Men mwen  
pa konnen  
sa pou m fè  
pou m ede  
yo gen siksè  
nan lekòl ki  
nan Etazini  
yo!



Pa enkyete ou sou sa  
zanmi mwen... Annik li  
tiliv sa a epi w ap  
jwenn anpil  
enfòmasyon.

# ESTRIKTI LEKÒL NAN

## ETAZINI

1) Lekòl Pre-Matènèl: Timoun ki gen laj 3 a 5 ane.

2) Lekòl Primè: Timoun Klas Matènèl jiska Klas 6yèm Ane Timoun ki gen laj 6 jiska 12 ane.

3) Lekòl Pre-Segondè: klas 7yèm ak 8yèm Ane. Timoun ki gen laj 13 ak 14 ane.

4) Lekòl Segondè: klas 9yèm ak 12yèm Ane. Timoun ki gen laj 15 jiska 18 ane.

## PWOGRAM AKADEMIK LEKÒL SEGONDÈ

Pwogram akademik lan ka pa menm pou tout lekòl yo men gen klas obligatwa ki nesèsè nan prèske tout lekòl yo nan Etazini.

- 1) Syans 3 ane.
- 2) Matematik 4 ane.
- 3) Anglè 4 ane.
- 4) Syans Sosyal 3 ane.
- 5) Edikasyon Fizik 4 ane.
- 6) Kèk Eta egzije pou gen yon Klas Sante.

## **AKTIVITE KI PA NAN PWOGRAM AKADEMIK**

Foutbòl, Foutbòl Ameriken, Bezbòl  
Natasyon; Klib: Fotografi, Pyès Teyat;  
Pwogram Sèvis Kominotè, elatriye.

Tout aktivite sa yo se aktivite ki fèt  
deyò pwogram akademik lan, men  
anplwaye lekòl la sipèvize yo.



## **LAVI AK AKTIVITE SOSYAL NAN LEKÒL**

Evènman Sosyal Lekòl Etazini yo.

Wi, nou genyen:

Selebrasyon tankou Semèn  
Vakans nan Kay, Parad, Bal,  
elatriye.



# SA YO MANDE PARAN YO NAN LEKÒL YO NAN ETAZINI

- ✓ Rankontre anplwaye lekòl la: Direktè a, Pwofesè yo, Konseye Pedagoji, èd Pwofesè yo, Enfimyè a, Sekretè a, elatriye.
- ✓ Patisipe nan Vizit Lib Lekòl la.
- ✓ Patisipe nan Konferans Paran-Pwofesè (PTC).


- ✓ Patisipe nan selebrasyon lekòl kote pitit ou patisipe: Konsè, Eritaj Ispanik, Pyès Teyat, elatriye.
- ✓ Kolabore avèk aktivite espesyal yo.
- ✓ Sèvi kòm volontè si ou kapab.
- ✓ Patisipe nan reyinyon yo lè pitit ou gen pwoblèm nan lekòl la.
- ✓ Rete an kontak avèk lekòl la.

- ✓ Patisipe nan Reyinyon pou Sèvis espesyal yo:
  - Anglè kòm yon Nouvo Lang (ENL).
  - Edikasyon Espesyal: Plan Edikasyon Endividyèl - (IEP) ak Plan 504.
  - Elèv ki gen Don ak anpil Talan.



# Prepare pou yon konferans pwofesè paran yo

- ✓ Mande yon entèprèt, si ou bezwen.
- ✓ Poze pwofesè a kesyon sou:
  - Konpòtman pitit ou nan lekòl la.
  - Nòt li yo.
  - Fason li travay nan klas la.
  - Zanmi li yo.
  - Fason li fè avèk devwadmezon yo.
  - Fason ou kapab ede pitit ou lakay ou.
- ✓ Fè pwofesè yo konnen:
  - Bezwen aprantisaj pitit ou.
  - Pwoblèm medikal li yo.
  - Talan ak ladrès li yo.
  - Pwen fò ak feblès akademik li yo.
  - Sa li renmen ak sa li pa renmen.
  - Nenpòt pwoblèm nan lekòl la.
  - Sitiyasyon espesyal yo nan kay la: Divòs, ka lanmò, nouvo tibebe elatriye.
  - Nenpòt sa ki enkyete ou konsènan edikasyon li.



# PANDAN KONFERANS PARAN-PWOFESÈ



- ✓ Rive nan reyinyon an alè.
- ✓ Rete kalm.
- ✓ Poze kesyon lè ou pa konprann.
- ✓ Si pitit ou nan pwogram Edikasyon Espesyal oswa si li gen yon Plan 504, mande Rapò Pwogrè a.
- ✓ Kite reyinyon an fini nan lè ki pwograme a.
- ✓ Si ou bezwen plis tan, mande pou gen yon lòt reyinyon.
- ✓ Di pwofesè (yo) mèsi.



# FASON POU EDE PITIT OU GEN SIKSÈ NAN LEKÒL

- ✓ Montre ou gen yon atitid pozitif pou edikasyon epi bay li enpòtans kòm sadwa.
- ✓ Tcheke sakado pitit ou chak jou.
- ✓ Asire pitit ou fè devwadmezon li. Kèk pwofesè egzije pou ou siyen devwa ki fèt yo.

- ✓ Si pitit ou gen yon pwogram oswa yon planifikatè, siyen li chak swa.
- ✓ Fè pitit ou li 15-20 minit chak jou epi ankouraje li pou prete liv la nan bibliyotèk lekòl la.
- ✓ Asire pitit ou dòmi byen, 7 oswa 8 èdtan pa jou.
- ✓ Mete règ anplas pou itilizasyon aparèy elektwonik yo (televizyon, jwèt videyo, telefòn selilè, tablèt elektwonik, elatriye.) nan kay la ak nan lekòl la. *Pa egzanp, pitit ou kapab itilize telefòn selilè nan lekòl la lannwit apre li fè devwadmezon li epi anvan li kouchè.*

- 
- ✓ Ankouraje pitit ou pou li endepandan.
  - ✓ Ankouraje li pou poze kesyon si li pa konprann klas la.
  - ✓ Patisipe nan tout konferans ak lòt reyinyon ki pwograme avèk pwofesè yo.
  - ✓ Si ou pa kapab patisipe, voye yon nòt pou fè yo konnen sa.

# PALE AVÈK PITIT OU CHAK JOU

- ✓ Motive epi ede pitit ou ranfòse lanmou-pwòp li [di pitit ou kijan ou kwè nan li, ou fyè pou efò li yo epi li kapab gen siksè nan nenpòt sa li angaje pou l fè].
- ✓ Fè pitit ou sonje li ta dwe:
  - Konpòte li avèk respè.
  - Travay di.
  - Konfòme l tout kote li ye.
  - Toujou gade moun nan zye; sa nòmal nan Etazini (se sa yo mande moun pou yo fè).



- ✓ Fè li konnen:
  - Li gen dwa pou eksprime, sa li panse, avèk respè si li pa kontan.
  - Defann tèt li.
  - Mande pwofesè li yo ak paran li pou ede li.
  - Jwenn èd adilt nan lekòl la.
  - Jwenn yon alye [yon zanmi ki nan laj li].
- ✓ Ankouraje li pou li gen kiryozite.

# PREZANS CHAK JOU NAN LEKÒL AK SIKSÈ AKADEMIK



- ✓ Asire pitit ou ale lekòl chak jou.
- ✓ Si pitit ou dwe rate lekòl pou nenpòt rezon, rele lekòl la pou rapòte absans lan.
- ✓ Lè li retounen, voye yon nòt pou eksplike pou kisa li te absan.
- ✓ Sonje dapre lalwa, ou gen obligasyon pou voye pitit ou lekòl chak jou. Si ou pa fè sa, lekòl la kapab rapòte sa ba Sèvis Pwoteksyon Timoun(CPS).
- ✓ Chak fwa pitit ou absan nan lekòl la chans li yo ogmante pou li gen echèk akademik.



Hmmm... Mwen panse youn nan timoun mwen yo gen difikilte pou aprann.

Pa enkyete ou sou sa zanmi mwen. Nan Sistèm Edikasyon an nan Etazini gen èd pou tout timoun aprann epi pou yo reyisi.

Sa bon anpil! Kisa li ye? Kijan li fonksyone? Kisa mwen gen pou fè? Tanpri, di mwen, di mwen!

Men enfòmasyon yo!

# EDIKASYON ESPESYAL

“Edikasyon Espesyal vle di anpil kalite sèvis edikasyon ak sèvis sosyal yo bay nan Sistèm Lekòl Piblik ak lòt Enstitisyon Edikasyonèl pou moun ki gen andikap [fizik, emosyonèl ak andikap pou aprann] ki gen laj ant twa ak 21 ane.... Anviwònman sa a fasilite yo resevwa edikasyon avèk efikasite” *(Special Education, 2018).*

Kisa mwen dwe fè pou pitit mwen resevwa sèvis sa yo? Kijan m ap konnen sa?

Senp zanmi mwen. Kominikasyon se kle. Lekòl la ap fè ou konnen alekri ak nan lang natifnatal ou, se lalwa!

Men, ou gen pou fè pati pa ou pou siyen fòm pou bay konsantman yo ak lòt dokiman yo, pou patisipe nan reyinyon yo epi pou defann pitit ou!






Aprè ekip lekòl la idantifye andikap yo ak bezwen espesyal yo, y ap kreye yon IEP avèk remak paran yo.

Yon IEP!  
Kisa li ye?

“IEP” oswa “Pwogram Edikasyon Endividyèl”, se yon pwosesis ak yon dokiman. Si yon evalyasyon endike pitit ou bezwen Edikasyon Espesyal, w ap gen yon reyinyon IEP omwen yon fwa chak ane. Oumenm ak rès ekip IEP ap ekri dokiman IEP ki endike sa pitit ou bezwen ak ki sèvis k ap satisfè bezwen sa yo. Li ta dwe endike:

- ✓ Nan ki nivo [akademik] pitit ou ye nan lekòl la.
- ✓ Sa objektif pou anpil tan ak tan kout yo ye pou pitit ou.
- ✓ Ki edikasyon espesyal ak sèvis asosye pitit ou bezwen.
- ✓ Fason pitit ou kapab ye avèk timoun ki pa andikape yo.
- ✓ Lè sèvis yo ta dwe kòmanse.” *(Colorín Colorado, 2018).*



Zanmi mwen, annik konekte avèk lekòl la epi vin yon patisipan aktif. Tout sa se pou byen timoun nou yo! Ou pa poukont ou!



Li enpòtan anpil pou Papa yo ak manman yo, oswa adilt k ap pran swen timoun yo patisipe nan edikasyon pitit yo. Adilt yo bezwen konekte avèk lekòl la, patisipe nan Konferans Paran-Pwofesè yo, reyinyon espesyal yo, defann pitit yo, li avèk yo epitou ede yo avèk devwadmezon yo.


OK... Mwen kontan anpil paske mwen te aprann tout enfòmasyon sa yo!

# LÒT KONSEY

- ✓ Ankouraje pitit ou pou li fè devwadmezon li epi pou li etidye nan kay la.
- ✓ Kreye yon orè epi prepare yon kote pou li etidye.



- ✓ Tcheke bilten lekòl voye lakay ou.
- ✓ Defann pitit ou. Li gen menm dwa ak lòt timoun ki nan lekòl la.
- ✓ Louvri yon kont nan Pòtay Paran (si lekòl la gen sèvis sa a) epi, si li posib, revize li chak jou pou wè kijan pitit ou ap travay.




Ankouraje timoun nou yo pou yo aprann pandan tout lavi yo.



Ankouraje li pou etidye di, pou li epi pou fè tout devwadmezon yo.



Motive li pou li gen kiryožite.



**Waw! Sistèm Edikasyon ki nan peyi mwen diferan anpil avèk sa ki nan Etazini an.**

**Wi, men jan ou te wè, li pa konplike pou ede pitit ou yo gen siksè!**



**Mèsi paske ou ban mwen enfòmasyon yo**

# Bibliyografi

## Lòt Konsèy

<https://www.pta.org/home/events/About-Every-Child-in-Focus/Every-Child-in-Focus-Leadership-Series/Immigrant-Families>  
<http://www.thelearningcommunity.us/resources-by-format/tips-for-parents/diverse-families/immigrant-families.aspx>  
<http://www.colorincolorado.org/es/articulo/20-maneras-en-que-puede-ayudar-su-hijo-triunfar-en-la-escuela>

## Aktivite ki pa nan pwogram Akademik lan

<http://www.p12.nysed.gov/part100/pages/1002.html#k>  
<https://www.osc.state.ny.us/localgov/audits/swr/2016/extraclassroom/global.pdf>

## Pwogram Akademik Lekòl Segondè

<http://www.nysed.gov/curriculum-instruction>

## Fason pou ede pitit ou yo gen siksè nan lekòl

<http://www.colorincolorado.org/es/families/%C3%A9xito-escolar>  
<http://www.colorincolorado.org/es/families/recursos-para-padres-de-adolescentes>

## IEP

<http://www.colorincolorado.org/article/what-iep>

## Asosyasyon Pwofesè-Paran

<http://www.colorincolorado.org/slide/tips-parent-teacher-conferences-ell-families>  
<http://www.colorincolorado.org/article/parent-teacher-conference>  
<http://www.colorincolorado.org/article/tips-successful-parent-teacher-conferences-bilingual-families>  
<http://www.colorincolorado.org/article/tips-parents-parent-teacher-conferences>  
<https://www.scholastic.com/teachers/collections/teaching-content/guide-parent-teacher-conferences/>

## Prezans nan lekòl: Enpòtans

<http://www.colorincolorado.org/es/articulo/asistencia-escolar-la-clave-del-%C3%A9xito>  
<https://www.opb.org/news/series/clasedel2025/estudios-ausentarse-rendimiento-acadmico-estudiantes/>  
[http://attendanceworks.org/wp-content/uploads/2017/10/AW\\_HS-flyer\\_Spanish\\_3-26-12.pdf](http://attendanceworks.org/wp-content/uploads/2017/10/AW_HS-flyer_Spanish_3-26-12.pdf)

## Edikasyon Espesyal

<http://www.healthofchildren.com/S/Special-Education.html>  
<http://www.colorincolorado.org/special-education-ell/professional-development>  
<http://www.healthofchildren.com/S/Special-Education.html>

## Estrikti Lekòl nan Etazini

<http://www.p12.nysed.gov/nonpub/manualfornewadministratorsfnps/statereqs.html>  
<http://www.nysed.gov/curriculum-instruction/general-education-and-diploma-requirements>  
<https://www2.ed.gov/about/offices/list/ous/international/usnei/us/edlite-structure-us.html?exp=7>  
<https://www.studyusa.com/en/a/58/understanding-the-american-education-system>

## Sa Lekòl Etazini mande paran yo

<http://www.pbs.org/parents/education/going-to-school/supporting-your-learner/role-of-parents/>  
<https://www.childtrends.org/indicators/parental-involvement-in-schools>  
<https://www2.ed.gov/documents/family-community/parent-checklist.pdf>  
<http://www.colorincolorado.org/article/empowering-ell-parents-families-home>  
<http://www.colorincolorado.org/article/helping-parents-become-partners>  
<http://www.colorincolorado.org/families>  
<http://www.colorincolorado.org/article/connecting-ell-families-strategies-success>  
<http://www.colorincolorado.org/article/encouraging-and-sustaining-ell-parent-engagement>